

Pék baca dina jero haté wacana ieu di handap!

Pangaruh Globalisasi kana Lingkungan jeung Kahirupan



Sumber: www.mampoo.com

Globalisasi, éta kecap téh geus mindeng disebut ku urang. Éta kecap téh nuduhkeun kaayaan sakuliah dunya geus dianggap salingkungan. Mun di nagara batur aya téhnik komunikasi, komputer, siaran televisi, sarua di urang ogé aya nu kitu. Urang kacida gampangna hayang nyaho naon baé nu aya di batur, anu tempatna jarauh. Muka internet mah jol bréh baé kapanggih, aya di hareupeun urang. Kaayaan tempat-tempat sadunya, anu sakitu jarauhna jadi deukeut pisan. Kawas urang jeung tatangga baé. Kahirupan batur di nagara séjén nu bébas pergaulanana, modeu pakéan, kadaharan, nu teu sarua jeung kaayaan urang babari pisan pangaruhna nepi ka urang. Loba ditarurutan sanajan teu sarua jeung adat-istiadatna atawa kabiasaan hirup di urang. Kitu diantarana, ayana téknologi nu kacida maju, modern. Salian ti éta, pangaruh ékonomi atawa perdagangan anu sifatna global, bisa ngéléhkeun nu aya di urang. Contona, bungbuahan saperti kadu

46 Pamekar Diajar BASA SUNDA Pikeun Murid SD/MI Kelas VI

(durén), apel, jeruk, bawang, béas, jeung sapapadana, éléh ku nu jol ti luar negeri. Durén asli jeung jambu éléh ku durén bangkok jeung jambu bangkok, apel malang éléh ku apel california, jeruk garut éléh ku jeruk RRT. Bawang beureum nu ti Ciparay, Brebes, éléh ku bawang vietnam, béas cianjur éléh ku béas vietnam

Tingtorojol buah nu saméméhna teu aya di urang, saperti kiwi, buah pir. Kitu deui, dahareun "cepat saji", saperti burger, pizza.

Sangeus dibaca, pék jawab ieu pertanyaan ku cara nga klik jawaban anu bener!

1. Di handap ieu ngaran bungbuahan anu ditulis di wacana nu aya di luhur, iwal
2. Kaayaan sakuliah dunya geus dianggap salingkungan disebut
3. Pergaulan bebas, modeu pakaian anu minim nu teu sarua jeung kaayaan urang kaasup dampak globalisasi

Jodohkeun kecap nu aya di kolom A jeung hartina nu aya di kolom B.

KOLOM A	KOLOM B
Komunikasi	Dina bidang telekomunikasi diartikeun pambagian daerah nu didasarkeun kana jangkauan sinyal ti stasiun pamancar kana pasawat penerima
Informatika	Mangrupakeun disiplin ilmu nu mempelajari fakta berlandaskan nyaeta data jeung informasi tina basis komputer
Seluler	Proses dimana jalmi, sakalompok jalmi, organisasi jeung masyarakat nyiptakeun jeung ngagunakeun informasi sangkan ka hubung ka lingkungan jeung jalma lain.

Tuliskeun 1 kalimah nu aya tulisan komunikasi/informatika/ seluler (pilih salah sahiji) di handap ieu !